

Medetomidin: Konnen Verite a

Kisa medetomidin nan ye?

- Medetomidin, oswa “rhino tranq” (rinotrank) se yon sedatif veterinè ki menm jan ak zilazin. Medetomidin pa yon opyoyid men yo jwenn li melanje avèk opyoyid nan rezèv medikaman Vil New York la.
- Medetomidin fè moun gen dòmi nan je epi li fè gwo efè kalman. Li kapab bese tansyon ak vitès batman kè tou, sa ki ka lakoz sentòm tankou tèt vire, gwo fatig, souf kout, anvi vomi, wè twoub, ak konfizyon.
- Epitou, medetomidin kapab lakoz sentòm sevraj grav ki ka mande swen medikal entansif.




Ki kote yo jwenn li?

Yo jwenn medetomidin lan nan rezèv medikaman Vil New York la depi jen 2024.

- Yo jwenn li sèlman nan medikaman yo vann sou fòm pwodui dopan yo (opyoyid).

Kisa ki rive lè yon moun fè ovèdòz medetomidin?

Jiskaprezan, yo jwenn medetomidin nan sèlman nan rezèv opyoyid la. Yon moun ki fè yon ovèdòz opyoyid ak medetomidin ka kontinye rete sou efè kalman an epi li ka pa reyaji menm apre l fin resevwa naloksòn nan.




Èske naloksòn efikas kont medetomidin?

Medetomidin pa yon opyoyid, kidonk naloksòn pa chanje ni defèt efè li yo. Men, yo souvan melanje medetomidin avèk opyoyid. Kidonk, li enpòtan pou w genyen naloksòn disponib pou w itilize si yon moun montre siy ki di li fè yon ovèdòz. Naloksòn ap toujou chanje oswa defèt efè opyoyid yo menm si moun nan toujou sou efè kalman akòz medetomidin nan.

Kijan ou ta dwe reyaji fas ak yon moun ki fè ovèdòz medetomidin?

1. Verifye pou wè si moun nan reyaji.
 - Rele fò nan zòrèy moun nan. Si li pa reyaji, peze jwenti dwèt ou sou zo biskèt li (masaj estènòm).
 - Si moun ki fè ovèdoz la pa reyaji lè ou mase zo biskèt li, rele **911** epi ba li naloksòn.
2. Rele **911** epi ba li naloksòn.
 - Bay respirasyon atifisyèl, sitou si moun nan pa respire oswa respirasyon li pa regilye.
 - Si moun nan toujou pa respire apre de a twa minit, ba li yon lòt dòz naloksòn.
3. Kontinye siveye respirasyon moun nan. Li ka toujou sou efè kalman an menm apre li fin rekòmanse respire.
 - Asire ou moun nan respire omwen yon fwa chak senk segonn epi koulè po li rete nòmal. Po a pa dwe ni pal, ni gri, ni ble.

- Si moun nan rekòmanse respire men li toujou sou efè kalman an, ou pa oblije ba li lòt dòz naloksòn.
4. Mete moun lan nan pozisyon lateral sekirite (sou kan avèk kwis li pliye pou li ka estab).
- Sa pèmèt ou asire w moun nan kontinye respire epi san li sikile san pwoblèm.




Ki lòt efè medetomidin nan fè sou sante moun?

Etid yo montre medetomidin pwovoke sentòm sevraj grav kay moun ki pran dwòg yo. Sevraj sa a kapab danjere epi li ka mande swen medikal entansif. Men sentòm yo:

- Kè moun nan bat vit (plis pase 100 batman pa minit)
- Tansyon moun nan monte men wotè (180 pa 120 oswa pi wo)
- Moun nan gen anvè vomisman li pa ka kontwole
- Moun nan ap tranble
- Moun nan ap swe anpil
- Nivo vijilans ak konfizyon moun nan chanje

Èske medetomidin nan lakoz blezi nan po?

Non. Kontrèman ak zilazin, etid yo pa montre medetomidin lakoz blezi nan po.



Kijan yon moun kapab konnen si gen medetomidin nan medikaman li yo?

Jounen jodi a, ou jwenn medetomidin lan nan rezèv opyojid lokal la. Men kèk fason pou konnen si li nan medikaman ou yo:

- Itilize bann tès medetomidin yo.
- Pote medikaman ou yo nan yon sant kontwòl medikaman nan Vil New York pou yo analize yo epi jwenn plis enfòmasyon sou fason pou diminye risk ou yo.
- Mandè moun ou konnen ki jan yo santi yo apre yo fin pran medikaman yo vann nan lari yo.

Kijan yon moun kapab diminye risk li genyen pou l konsome medikaman ki genyen medetomidin ladan l?

- Kòmanse avèk yon ti kras epi tann pou wè ki jan ou santi w anvan pran plis.
- Evite melanje diferan kalite medikaman.
- Evite pran medikaman poukont ou. Si sa pa posib, rele liy asistans Never Use Alone nan (877-696-1996) oswa liy asistans prevansyon ovèdòz SafeSpot la (800-972-0590).
- Ou dwe toujou genyen naloksòn toupre ou sizoka ou ta fè ovèdoz opyojid.
- Pran li yon kote ou kapab san konesans pandan lontan.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ki disponib nan Vil New York, tankou sant kontwòl medikaman yo, ale nan lyen sa a nyc.gov/alcoholanddrugs.